



Pou Piblikasyon Imedya: 25/06/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO SÈVIS POU EDE TIMOUN IMIGRAN KI NAN NEW YORK LA YO

Li Deplwaye Pèsonèl, Resous, ak Sèvis Sipò Medikal pou Ale nan Etablisman k ap Pran Swen Timoun Imigran yo

Li Ofri Sèvis pou Timoun yo te Retire nan Etablisman yo pou yo mete yo nan Kay Esponsò ak Fanmi Dakèy Prive - Pami Sèvis yo gen Edikasyon, Kou Anglè Gratis ak Sèvis Swen Sante ak Sèvis Sante Mantal

Li Mande pou HHS Imedyatman Bay Kantite Global Timoun yo Mete nan New York la yo

L ap Travay pou I Reyini Timoun yo ak Fanmi yo - Angaje ak Konseye Jeneral yo pou Ofri Sipò Imedya epi Pouswiv Gouvènman Federal la Lajistis pou I Mete Fen a Separasyon Fanmi yo epi Asire yo Aplike Pwosedi Lalwa Tabli yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke Eta New York la pral ofri yon bann seri sèvis ak resous pou minè timoun ki san akonpayman yo, ki gen ladan timoun imigran ke yo te retire nan men paran yo kòm konsekans politik kriyèl zewo tolerans Gouvènman federal la. Eta New York la pral:

- Deplwaye pèsonèl, resous ak sèvis pou founisè fanmi dakèy k ap pran swen timoun sa yo, ki gen ladan materyèl medikal.
- Ofri sèvis pou timoun imigran yo te retire nan etablisman yo pou mete yo ak manm fanmi yo, ki gen ladan edikasyon, sèvis sante mantal ak sèvis swen sante yo.
- Ofri menm sipò yo pou timoun yo te mete kay founisè fanmi dakèy prive ki nan New York la yo, ki gen ladan tou sila ki soti nan lòt eta yo.
- Mande HHS pou yo pibliye enfòmasyon sou tout timoun imigran san akonpayman ki nan Eta New York la yo, ki gen ladan yo sila yo te premye voye soti nan fwontyè a ale nan lòt eta yo avan yo te mete yo nan New York.
- Pran mezi pou sipòte reyifikasyon famiyal, ki gen ladan travay ak konseye jeneral ki nan etablisman yo pou ofri sipò imedya.

- Ofri resous ak pwoteksyon pou ranfòse sekirite piblik nan etablisman k ap pran swen timoun imigran yo.

Aprè Gouvènè a [te premye mande](#) HHS enfòmasyon, gouvènman federal la te revele ke gen omwen 1,292 minè san akonpayman y ap pran swen yo nan New York, men enfòmasyon sa a pa global epi yo poko menm verifye l.

“Separasyon fanmi imigran administrasyon Trump lan ap antreprann lan swa se yon egzanp istorik enkonpetans gwosyè yon gouvènman, oswa yon taktik politik ki ka fè menm Makyavèl wouji”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “New York ap entèvni pou nou fè tout sa nou kapab pou nou ede timoun ke yo te retire nan men paran yo ak popilasyon timoun imigran ki nan eta nou an yo an jeneral.”

Nouvo Resous pou Timoun ki Kay Founisè Fanmi Dakèy yo

Rekonesan bezwen inik timoun ki afekte yo genyen yo, Eta a pral deplwaye resous adisyonèl pou nou asire ke timoun imigran san akonpayman sa yo resevwa swen apwopriye nan men founisè fanmi dakèy yo. Eta a pral travay ak founisè sa yo pou mete resous medikal ak sipò disponib epi amelyore sèvis sante mantal yo pou timoun ki nan etablisman sa yo.

Nouvo Sèvis pou Timoun yo te Retire nan Etablisman yo

Eta a pral ofri tou nouvo sèvis pou ede timoun imigran yo te retire nan etablisman ki nan Eta New York la yo ak sila ki soti nan lòt eta yo te bay manm fanmi yo ak founisè fanmi dakèy prive ki gendwa pa gen resous adekwat pou sipòte bezwen inik timoun sa yo. Nou pral deplwaye travayè sosyal ak fanmi esponsò pou yo travay ak timoun ki san akonpayman yo pou bay yo:

- Konsèy sikolojik an gwoup ak endividyèl;
- Enfòmasyon ak sèvis referans pou ede fanmi yo satisfè bezwen yo ki gen ladan sèvis swen sante ak sèvis sante mantal;
- Gwoup soutyen ant kamarad yo;
- Asistans sèvis edikasyonèl ak asistans lang;
- Aktivite edikasyon ak prevansyon ki gen rapò ak trafik imen ak vyolans gang.

Anplis de sa a, Eta a pral agrandi sèvis nan kad Pwojè Defans Libète a (Liberty Defense Project) ki se tou premye pwojè konsa nan nasyon an pou asire ke tout timoun yo te retire nan men paran yo ak sila yo mete kay fanmi oswa esponsò nan Eta New York la yo gen aksè a reprezantasyon legal.

Tout timoun nan Eta New York la yo ki gen mwens pase 21 an ki poko gradye lekòl segondè gen dwa pou yo enskri nan lekòl piblik ki nan distri lekòl kote yo abite a. Enskripsyon prekòs ak prezans regilye se kle pou nouvo imigran k ap vin nan New York la yo entegre avèk siskè. Resous yo pral sible òganizasyon kominotè yo pou ede reprezantan legal timoun yo navige pwosesis enskripsyon an epi kontinye bay yo sipò sou kijan pou yo sipòte pwogrè edikasyonèl timoun ki nan men yo a kèlkeswa kapasite lengwistik pèsonèl yo, nivo literasi oswa nivo edikasyon yo.

Yo pral ofri sèvis sa yo an kolaborasyon ak Biwo Sant Opòtinite (Opportunity Centers) pou Nouvo Ameriken yo (Office of New Americans, ONA). Sant Opòtinite ONA yo fè patenarya ak lòt ajans kominotè ak gouvènmantal yo pou yo kowòdone ak/oswa akeyi pwogramasyon ak sipò adisyonèl pou kominote nouvo Ameriken yo. Sit sa yo se yon pwon fokal pou kominote yo pou yo akeyi Nouvo Ameriken yo lè yo ofri tan presye yo volontè pou sipòte nouvo arivan yo. ONA gen eksperyans nan asire lyezon ak kominote imigran atravè eta a yo epi yo pral itilize konesans yo pou yo asire ke fanmi esponsò yo konnen gen sèvis ki disponib pou yo.

Mande HHS pou yo Bay Enfòmasyon Global, Verifye sou Timoun ki nan New York la yo

Gouvènè Cuomo [te deja mande](#) avan pou HHS pibliye enfòmasyon sou timoun imigran yo mete nan kay ki nan New York la yo kòm konsekans Politik Separasyon Fanmi an (Family Separation Policy). Jodi a, Gouvènè te mande HHS pou yo bay imedyatman kantite global timoun ke yo te mete nan etablisman fanmi dakèy yo, kay fanmi dakèy prive yo oswa kay esponsò yo, ki gen ladan sila yo te premye voye nan lòt eta yo avan yon te mete yo nan New York.

Efò pou Reyini Timoun yo ak Fanmi yo

Eta New York la pral angaje konseye jeneral etablisman yo pou yo ofri sipò imedyata pou ede reyini timoun yo ak fanmi yo gen nan Etazini yo. Gouvènè a te deja anonse yon [pwosè](#) avan, ki se youn pami lòt mezi l ap pran yo, ki gen objektif pou mete fen a separasyon fanmi an epi asire ke yo aplike pwosedi lalwa tabli yo anvè fanmi imigran yo.

Resous pou Sekirite Piblik

Finalman, avèk nouvo, atansyon enprevi ki gen sou etablisman k ap pran swen timoun sa yo, Eta a ap ofri etablisman yo tou resous pou sipòte sekirite piblik.

“Kòm konsekans politik imigrasyon echwe gouvènman federal la anba Administrasyon Trump lan, y ap dechire timoun inosan nan men fanmi yo nan fwontyè a epi y ap mete anpil nan yo nan etablisman ki nan New York”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Nou pran angajman pou nou ofri etablisman sa yo finansman ak resous yo bezwen pou yo ofri ak pran swen timoun sa yo nan fason apwopriye pandan y ap konfwonte sitiyo difisil sa a. New York pap tolere Administrasyon Trump lan vyole dwa konstitisyonèl imigran yo, epi nou pral kontinye lite kont mezi kriyèl sa yo pou mete fen a trajedi sa a.”

Komisè Depatman Sante a (Department of Health), Doktè Howard Zucker, te deklare, “Antanke yon pedyat, mwen pwofondman preyokipe de efè fizik ak emosyonèl dirab politik separasyon fanmi kote Administrasyon Federal la retire timoun imigran yo nan men paran yo ap genyen sou yo. Antanke Komisè Depatman Sante Eta New York la, mwen fyè pou m travay ak yon Gouvènè ki rekonèt ke pratik sa a inakseptab epi nou bezwen fè yon bagay pou chanje sa a. Sou direksyon lidèchip Gouvènè Cuomo, mwen pral fè tout sa m kapab pou nou pwoteje sante ak byenèt timoun sa yo”.

“Mwen felisite Gouvènè Cuomo paske l ap defann timoun sa yo. Yo bezwen epi yo merite sipò nou atravè moman twomatizan separasyon fanmi sa a”, **Komisè OCFS, Sheila J. Poole te deklare.** “Nou pran angajman anvé sekirite ak byenèt tout timoun ki nan Eta New York la yo, kèlkeswa estati imigrasyon yo.”

Steven Choi, Direktè Egzekitif New York Immigration Coalition, te deklare, “Avèk dènye mezi deplorab sa yo kote y ap retire timoun yo nan men paran yo, gouvènman federal la te pran yon lòt mezi kriyèl ankò pou ajoute sou rekò atwòs yo deja genyen sou dwa imigran yo. New York Immigration Coalition la felisite Gouvènè Cuomo paske l ap pran mezi konkrè pou ede timoun sa yo, epi nou rete prè pou nou fè tout sa nou kapab pou nou ede yo”.

Kathleen Brady-Stepien, Direktris Egzekitif Asosye, Rejyon Nò, Konsèy Ajans k ap Pran Swen Fanmi ak Timoun yo (Council of Family and Child Caring Agencies), te di, “Timoun sa yo te deja viv eksperyans estrès ak twoma initil epi nou dwe asire ke yo resevwa meyè swen posib pou reponn a bezwen yo epi sipòte sante ak byenèt yo. Lè li asire ke resous sa yo disponib, Gouvènè a ap bay sipò ki enpòtan, ak nesèsè pou ede timoun sa yo epi mwen aplodi li pou efò l ap fè yo”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)